- Tidak melalui tempat penyeberangan.
- Ketika berpapasan (dengan) mobil, (ia) tidak (dapat) menguasai diri, (lalu) kebingungan dan akhirnya tertabrak.

## Bahasa Jawa

- A/I/42. *Untung [onton] gak matek.*  
 A/I/43. *Tas bukane mencelat.*  
 A/I/44. *Wong sing cedhek kono padha pating jlerit eruh peristiwa ngono maeng.*  
 A/I/45. *PKS kancane sing njaga ana kono mlayu marani.*  
 A/I/46. *Bambang terus ditulung [ditolon] diewangi ambik wong-wong liyane.*  
 A/I/47. *Gak suwe ambulane wis teka merga ditilpun.*  
 A/I/48. *Bambang digawa nyang rumah sakit, perlu diopname merga sikil [sekel] karo tangane putung [poton].*  
 A/I/49. *Bareng wis rada [rcdc] kuwat oleh mulih.*  
 A/I/50. *Tapi ya ngono tangane digendhong, sikile [sekele] tengen gak kenek mlaku.*  
 A/I/51. *Saiki areke nek mlaku nggae jagrag alias kreg.*  
 A/I/52. *Ya, Bambang iki kenek gae conto nek arek sembrana, dhangkal gak anut aturan.*  
 A/I/53. *Rumangsa kendel, dumane PKS-e kancane [koncone] dhe-we ae emoh diatur nggae karepe dhewe.*  
 A/I/54. *Liya dina Wak Mun ngajak anake lunga nyang Malang.*  
 A/I/55. *Gak lali mampir Pasar Besar sing jarene sungsun [sonson] loro.*

## Bahasa Indonesia

- Untung (ia) tidak meninggal. Tas bukunya melesat.  
 Orang yang dekat di situ berteriak melihat peristiwa itu.  
 PKS, kawannya yang sedang jaga di situ, lari mendatangi.  
 Bambang terus dirawat, dibantu oleh orang yang lain.  
 Tiada lama ambulans (telah) datang karena ditelepon.  
 Bambang dibawa ke rumah sakit, (ia) perlu diopname sebab kaki dan tangannya patah.  
 Ketika sudah agak kuat boleh pulang.  
 Tetapi demikianlah, tangan didukung, kaki kanan tidak dapat berjalan.  
 Sekarang anak itu kalau berjalan memakai tongkat alias (atau) kreg.  
 Ya, Bambang ini dapat dijadikan contoh bagi anak yang tidak berhati-hati, suka melanggar, dan tidak mengikuti aturan.  
 Merasa berani, bukankah PKS teman sendiri, ia tidak mau diatur menurutkan kemauan sendiri.  
 Hari lain Wak Mun mengajak anaknya pergi ke Malang.  
 Tidak lupa singgah di Pasar Besar yang katanya pasar itu bertingkat dua.

## Bahasa Jawa

- A/I/56. *Anake kepengin eruh.*
- A/I/57. *Bareng wis mlebu pasar, kepe-  
thuk wong wedok nangis-na-  
ngis.*
- A/I/58. *Jarene dhuwike ilang dicopet  
uwong.*
- A/I/59. *Ancene ana kutha panggenan  
sing rame kaya pasar ngono iku  
gak kenek sembrana.*
- A/I/60. *Biasane ya ngene kono iku  
wong ngutil [notel] alias nyo-  
pet padha operasi.*
- A/I/61. *Jare wong wedok maeng dhu-  
wike sing ana jero dhompèt di-  
slempitna ana jero anting.*
- A/I/62. *Bareng katene mbayar trasek  
digoleki dhompete wis gak ana.*
- A/I/63. *Gak sampek suwe ana rame-  
rame, "copet, copet".*
- A/I/64. *Tak delok ana wong kacamata-  
an [kocomataan] digiring [di-  
geren] HANSIP digawa nyang  
pos keamanan.*
- A/I/65. *Wong wedok sing kutilan ya di-  
jak pisan perlune kate diurus  
[dioros].*
- A/I/66. *Temenan, wonge ngaku nek  
njupuk [njopo] dhompete  
wong wedok maeng.*
- A/I/67. *Dhompete dibalekna, copete  
terus digawa nyang kantor po-  
lisi.*

## Bahasa Indonesia

- Anaknya ingin tahu.
- Setelah masuk ke pasar, berpa-  
sasan dengan orang perempuan  
yang menangis.
- Katanya uangnya hilang dicopet  
orang.
- Memang di kota, pada tempat  
yang ramai seperti pasar (demi-  
kian itu) orang tidak boleh le-  
ngah.
- Biasanya di tempat seperti itu,  
pencopet melaksanakan operasi-  
nya.
- Kata perempuan tadi, uangnya  
yang berada di dalam dompet di-  
selipkan di dalam anting.
- Ketika mau membayar terasi, di-  
carinya dompetnya ternyata su-  
dah tidak ada.
- Tiada berapa lama terdengar te-  
riakan ramai, "Copet, copet!"
- Terlihat orang berkacamata, digi-  
ringkan Hansip ke pos keaman-  
an.
- Perempuan yang tercopet tadi  
sekaligus diajak untuk diselesai-  
kan (masalahnya).
- Demikianlah orang itu mengaku  
bahwa dia mengambil dompet  
perempuan tadi.
- Dompet dikembalikan dan pen-  
copet lalu dibawa ke kantor po-  
lisi.

## Bahasa Jawa

- B/I/1. *Sekolahane [sekolahane] Rudi karo Tono prei seminggu.*
- B/I/2. *Dheke pancen sadulur [sadorlor] karo maneh tunggal sasekolahan [sasekolaan].*
- B/I/3. *Arek loro iku duwe rencana kapingin ndelok kebon binatang dhik Surabaya.*
- B/I/4. *Kebeneran bapaké nyetujoni rencana maeng, malah kate ditera.*
- B/I/5. *Kebeneran dina iku baya tepake prei.*
- B/I/6. *Bareng ngreti lek rencanane disetujoni karo bapaké, arek loro bungahé enggag karuwan nganti jingkrak-jingkrak.*
- B/I/7. *Sik esuk nemen arek loro maeng wis tangi rupane saking bungahé.*
- B/I/8. *Enggag kaya [koyo] biasane arek loro iku tangine ya rada awan.*
- B/I/9. *Kira-kira jam nem wong telu budhal nang terminal, langsung numpak bis jurusan Surabaya.*
- B/I/10. *Wong telu pas kebagean bangu sing buri dhewe.*
- B/I/11. *Pancen lek dina Minggu biasane penumpange bis akeh.*
- B/I/12. *Untunge [ontone] dheke enggag sampek ngadek.*
- B/I/13. *Kira-kira wis teka Bangil bis mandheg merga disetop pulisi.*

## Bahasa Indonesia

- Sekolah Rudi dan Tono libur seminggu.
- Mereka memang bersaudara lagi pula satu sekolah.
- Mereka berencana ingin melihat kebun binatang di Surabaya.
- Kebetulan ayahnya menyetujui rencana tadi, bahkan bersedia mengantarkan (mereka).
- Kebetulan hari itu ayahnya sedang libur.
- Ketika tahu bahwa rencana mereka disetujui oleh ayahnya, mereka berdua gembira bukan kepalang sampai melonjak-lonjak.
- Masih pagi sekali mereka sudah bangun, tampaknya karena mereka amat senang.
- Tidak seperti biasanya, mereka (itu) bangun agak siang.
- Kira-kira pukul 06.00 mereka bertiga berangkat ke terminal, langsung naik bus jurusan Surabaya.
- Mereka bertiga mendapat banguku paling belakang.
- Memang pada hari Minggu biasanya penumpang sangat banyak.
- Beruntung mereka tidak sampai berdiri.
- Kira-kira sampai di Bangil bus berhenti karena dihentikan polisi.

## Bahasa Jawa

- B/I/14. *Perlune didelok lengkap eng-gake [engae] surat-surate karo maneh didelok penumpang apa enggak kakehen.*
- B/I/15. *Bareng didelok kabeh beres bis oleh mlaku maneh.*
- B/I/16. *Sajane [sajane] weruh pulisi nyegat, arek loro maeng ya rada wedi, tapi meneng ae.*
- B/I/17. *Bareng bise wis mlaku arek loro takon nang Bapaké.*
- B/I/18. *Apa'a bise maeng kok dicegat.*
- B/I/19. *Bapaké nerangna: sacukupe [sacokope].*
- B/I/20. *Jam 08.00 bis teka Surabaya, bis langsung mlebu terminal Jayabaya.*
- B/I/21. *Terminal Surabaya luwih gedhe timbang terminal Bangil.*
- B/I/22. *Apa maneh wonge sing lunga tambah enggak karuwan kehe.*
- B/I/23. *Bareng bise wis diparkir wong telu mudhun [modon] kabeh.*
- B/I/24. *Wong telu langsung mlaku ae nang kebon binatang merga jarake cedhek.*
- B/I/25. *Malah saka terminal wis ketok.*
- B/I/26. *Mesthi ae karo mlaku Tono karo Rudi bungahe gak karuwan merga rencanane keturutan.*
- B/I/27. *Teka kebon binatang Tono, Rudi karo bapaké enggak langsung mulih.*

## Bahasa Indonesia

- Perlu diperiksa (tentang) lengkap tidaknya surat, perlu juga diperiksa apakah jumlah penumpang tidak berlebihan.
- Setelah ternyata semuanya lengkap, bus pun berjalan lagi. Sebetulnya melihat polisi mencegah, kedua anak tadi agak merasa takut, tetapi diam saja.
- Setelah bus berjalan, kedua anak itu lalu bertanya kepada ayahnya.
- Mengapa bus tadi dihentikan? Ayahnya menerangkan secukupnya.
- Pukul 08.00 bus tiba di Surabaya langsung masuk terminal Jayabaya.
- Terminal di Surabaya lebih besar daripada terminal di Bangil.
- Apa lagi orang yang bepergian sangat banyak.
- Ketika bus telah diparkir, mereka bertiga turun.
- Mereka langsung berjalan menuju ke kebun binatang karena jaraknya tidak jauh.
- Bahkan, sudah terlihat dari terminal.
- Tentu saja Tono dan Rudi girangnya bukan kepalang karena rencananya terkabul.
- Dari kebun binatang, Tono, Rudi, dan ayahnya tidak langsung pulang.



## Bahasa Jawa

- B/I/28. *Tapi mampir sik dhik pasar Wonokromo.*
- B/I/29. *Perlu nggolek oleh-oleh kanggo ibu'e sing dhik omah.*
- B/I/30. *Masia rada sore wong-wong sing blanja sik akeh.*
- B/I/31. *Merga pasar Wanakrama termasuk pasar sing rada gedhe.*
- B/I/32. *Bareng wis rada suwe olehe mubeng-mubeng dhik jero pasar, weruh ana wong wedok nggawa keranjang karo nangis.*
- B/I/33. *Wong telu maeng nyedhek kepengin weruh.*
- B/I/34. *Apa sebape kok nangis.*
- B/I/35. *Rupane wong wedok iku nangis merga kecopetan.*
- B/I/36. *Pancene jare wong-wong pasar Wanakrama iku akeh copete.*
- B/I/37. *Mulane lek nang kono kudu ati-ati.*
- B/I/38. *Wah, sajane lek ndelok wong sing kecopetan maeng ya nggak tega.*
- B/I/39. *Wong-wong rupane njajal nggoleki copete.*
- B/I/40. *Beneran enggak adoh teka kono ana pulisi sing tepak jaga.*
- B/I/41. *Karo maneh weruh nang sing nyopet.*
- B/I/42. *Langsung ae copete dicekel terus digawa nang kantor pulisi.*
- B/I/43. *Tono, Budi karo bapake endang-endang tuku oleh-oleh kanggo ibu'e.*

## Bahasa Indonesia

- Tetapi, singgah dulu di pasar Wonokromo.
- (Mereka) perlu mencari buah tangan untuk ibunya di rumah. Walaupun agak sore, orang masih banyak yang berbelanja.
- Karena pasar Wonokromo termasuk pasar yang agak besar.
- Ketika sudah agak lama berkeliling di dalam pasar, tampak (oleh mereka) seorang perempuan membawa keranjang sambil menangis.
- Mereka bertiga tadi mendekati ingin tahu.
- Mengapa ia menangis.
- Tampaknya perempuan itu menangis karena kecopetan.
- Kata orang memang pasar Wonokromo banyak pencopet.
- Oleh karena itu, apabila di sana harus berhati-hati.
- Wah, sebetulnya melihat orang yang kecopetan tadi, ya, (merasa) tidak tega hati.
- Orang-orang tampaknya mencoba mencari pencopet.
- Kebetulan tidak jauh dari situ ada polisi yang sedang berjaga.
- Lagi pula tahu orang yang mencopet.
- Langsung saja pencopet dipegang terus dibawa ke kantor polisi.
- Tono, Budi, serta ayahnya cepat-cepat membeli buah tangan untuk ibunya.

## Bahasa Jawa

## Bahasa Indonesia

- B/I/44. *Merga rupane wis sore wong tehu terus mulih.* Karena tampaknya sudah sore, mereka bertiga lalu pulang.
- B/I/45. *Masia Bangil kutha cilik tapi lahu lintase rada rame.* Walaupun Bangil kota kecil, tetapi lalu-lintas agak ramai.
- B/I/46. *Saliyane [saliyane] diliwati kendaraan [kendaraan] sing jurusan Surabaya-Banyuwangi uga diliwati kendaraan sing jurusan Malang-Banyuwangi.* Selain dilalui kendaraan jurusan Surabaya-Banyuwangi, juga dilalui kendaraan jurusan Malang-Banyuwangi.
- B/I/47. *Apa maneh lek wayah esuk usume arek budhal sekolah.* Apa lagi pada waktu pagi saat anak-anak berangkat ke sekolah.
- B/I/48. *Lahu lintase rame men.* Lalu-lintasnya ramai sekali.
- B/I/49. *Mergane iku saben dhik ngarepe sekolahan dikeki "zebra cross", yaiku enggene wong nyabrang.* Oleh karena itu, di depan setiap sekolah diberi zebra cross, tempat orang menyeberang.
- B/I/50. *Sing biasane ditandhani/nganggo garis-garis putih.* Yang biasanya ditandai dengan garis-garis putih.
- B/I/51. *Murid-murid rupane wis padha ngreti nang peraturanane lalu lintas.* Murid-murid tampaknya sudah tahu (tentang) peraturan lalu lintas.
- B/I/52. *Soale dhik saben sekolahan wis diajarna.* Karena di tiap sekolah sudah diajarkan.
- B/I/53. *Malah ya diajari carane nulungi wong sing blai barang.* Bahkan, diajari juga tatacara menolong orang yang mendapat kecelakaan.
- B/I/54. *Enggak adoh teka sekolahanane Hasan wektu iku pas diajari carane nulong [nolon] wong sing blai.* Tidak jauh dari sekolah Hasan, waktu itu tepat diberi pelajaran cara menolong orang kecelakaan.
- B/I/55. *Ana kedadian sing enggak dinyana-nyana.* Terjadilah peristiwa yang tidak disangka-sangka.
- B/I/56. *Amir nyabrang dalan tapi apes, teka buri ndadak ana montor sing mlakune rada banter.* Amir menyeberang, tetapi sial (karena secara) mendadak dari belakang datangnya mobil dengan kecepatan agak tinggi.

## Bahasa Jawa

## Bahasa Indonesia

- B/I/57. *Mesthi ae supire enggak sempat ngerem.* Tentu saja sopir tidak sempat mengerem.
- B/I/58. *Wong sing weruh njerit kabeh.* Orang yang melihat berteriak semuanya.
- B/I/59. *Hasan karo kanca-kancae ndelok kedadian iku.* Hasan dan teman-temannya melihat peristiwa itu.
- B/I/60. *Endang-endang marani sing blai.* Cepat-cepat mendatangi yang mendapat kecelakaan.
- B/I/61. *Perlune nulong sing blai.* Perlu menolong yang menderita.
- B/I/62. *Hasan terus nilpun ambulan karo pulisi.* Hasan terus menelepon ambulans dan polisi.
- B/I/63. *Enggak let suwe ambulan karo pulisine wis teka.* Tidak berapa lama ambulans dan polisi tiba.
- B/I/64. *Amir digawa nyang rumah sakit.* Amir dibawa ke rumah sakit.
- B/I/65. *Rupane sikile [sekele] dipotong.* Agaknya kakinya dipotong.
- B/I/66. *Mulane lek mlaku dibantu nganggo krek.* Karena itu kalau berjalan dibantu dengan krek.

## Bahasa Jawa

- C/I/1. *Preian sekolah Amin, Ali melok nglencer nang Surabaya.*
- C/I/2. *Pancene wis tau dijanjeni bapakne.*
- C/I/3. *Jare lek wis preian kate dijak nglencer mubeng-mubeng nang Surabaya.*
- C/I/4. *Jam lima isuk arek loro maeng wis rebut tangi terus adus.*
- C/I/5. *Bareng wis mari sarapan wong telu numpak becak nang terminal.*
- C/I/6. *Dhik terminal akeh bis ana sing nang jurusan Jember, ana sing nang Surabaya.*
- C/I/7. *Tapi wong telu maeng nggolek sing jurusan nang Surabaya.*
- C/I/8. *Bareng numpak bis oleh lunggahan [longowan] dhik tengah sing jejer telu.*
- C/I/9. *Arek loro maeng terus takon apa sing aneh didelok.*
- C/I/10. *Bapake uga seneng nerangna.*
- C/I/11. *Kira-kira oleh seprapat jam bis diendhek Pak Pulisi.*
- C/I/12. *Wong telu maeng iya rada wedi.*
- C/I/13. *Tapi pulisi maeng mek ndelok surat-surat ambek ndelok penumpange kebeken apa enggak.*
- C/I/14. *Bareng wis beres bis mlaku maneh.*

## Bahasa Indonesia

- (Pada waktu) liburan sekolah Amin dan Ali ikut pergi ke Surabaya.
- Memang sudah pernah dijanjikan ayahnya.
- Katanya bila sudah libur (mereka) akan diajak bepergian berkeliling Surabaya.
- Pukul lima pagi kedua anak tadi berebut bangun lalu pergi mandi. Setelah usai makan pagi, ketiganya naik becak ke terminal.
- Di terminal banyak bus, ada yang pergi ke Jember, ada yang pergi ke Surabaya.
- Tetapi, orang bertiga itu mencari bus jurusan Surabaya.
- Ketika naik bus, mereka mendapat tempat duduk di tengah yang berjajar tiga.
- Kedua anak tadi terus menanyakan apa-apa yang aneh yang (mereka) lihat.
- Ayahnya senang juga menerangkan.
- Kira-kira seperempat jam bus dihentikan polisi.
- Mereka bertiga itu agak takut juga.
- Tetapi, polisi tadi hanya melihat surat-surat dan melihat penumpang bus apakah terlalu penuh atau tidak.
- Setelah selesai, bus berjalan lagi.

## Bahasa Jawa

- C/I/15. *Bareng wis teka terminal Jaya-baya arek loro maeng senenge gak karuan.*
- C/I/16. *Terminal Jayabaya luwih gedhe, ambek bis-bise bek.*
- C/I/17. *Wong telu maeng terus mudhun.*
- C/I/18. *Ali, Amir karo bapakne mlaku-mlaku nang pasar.*
- C/I/19. *Jare katene nggolek oleh-oleh, kanggo oleh-oleh sing dhik omah, ibune karo adhine.*
- C/I/20. *Ali, Amir katene nggolek klambi ambi nggolek sepatu.*
- C/I/21. *Dhik pasar rame wong tuku.*
- C/I/22. *Ana sing mek ndelok-ndelok dhik jero pasar.*
- C/I/23. *Maeng ana wong wedok sing nyangking kranjang karo nangis.*
- C/I/24. *Dhik kono maeng akeh wong ngrubung [nrobon] ambek dhe-sel-dheselan.*
- C/I/25. *Ana wong sing nakoni apa'a kok nangis.*
- C/I/26. *Jare ibu [ibu] maeng dhompete dicolong wong lanang.*
- C/I/27. *Tapi ana wong sing wis nggodhak copet mau.*
- C/I/28. *Dadi pasar iya rada kaco.*
- C/I/29. *Rada suwe ana rame-rame.*
- C/I/30. *Ana wong lanang sing dicekeli karo digebugi.*
- C/I/31. *Dhompete ibu maeng dibalekna.*

## Bahasa Indonesia

- Setelah tiba di terminal Jayabaya, kedua anak itu senang bukan kepalang.
- Terminal Jayabaya lebih besar, lagi pula bus banyak sekali. Mereka bertiga lalu turun.
- Ali, Amir, dan ayahnya berjalan-jalan ke pasar.
- Katanya (mereka) mau mencari buah tangan untuk (orang) yang tinggal di rumah, yaitu ibu dan adiknya.
- Ali dan Amir mau mencari baju dan sepatu.
- Di pasar ramai orang berbelanja. Ada juga yang hanya melihat-lihat (keadaan) di dalam pasar. Tadi ada orang perempuan yang membawa keranjang sambil menangis.
- Di situ banyak orang berkerumun sambil berdesakan.
- Ada orang yang menyanyainya mengapa ia menangis.
- Kata ibu itu dompetnya dicuri seorang laki-laki.
- Tetapi, sudah ada orang yang mengejar pencopet tadi.
- Jadi, pasar juga agak kacau. Agak lama (kemudian) ada suara ramai-ramai.
- Ada seorang laki-laki dipegang sambil dipukuli.
- Dompet ibu itu dikembalikan.

## Bahasa Jawa

- C/I/32. *Copete digawa nang pos pulisi sing tepak jaga.*
- C/I/33. *Ana arek mulih teka sekolahan mlaku ijen.*
- C/I/34. *Arek iku kate nyabrang rupa-ne, dhik enggone penyabrang-an.*
- C/I/35. *Tapi arek maeng enggak ndelok lampu lek wis abang.*
- C/I/36. *Wayaha gak oleh nyabrang.*
- C/I/37. *Arek maeng terus nyabrang ae.*
- C/I/38. *Pada [pada] hal ana montor banter.*
- C/I/39. *Dadi arek maeng ya tiba sikile metu getihe [getiye].*
- C/I/40. *Wong-wong kang weruh dhik pinggir [penger] dalan, kabeh ndelok arek maeng.*
- C/I/41. *Slamet enggak let suwe ana wong sing lapor nang rumah sakit.*
- C/I/42. *Terus montor ambulan teka.*
- C/I/43. *Arek maeng digotong dilebok-na montor ambulan digawa nang rumah sakit.*
- C/I/44. *Dadi arek maeng sikile diblebet ambek nggo [ngo] teken utawa krek.*

## Bahasa Indonesia

- Pencopet dibawa ke polisi yang tengah jaga.
- Ada seorang anak pulang dari sekolah berjalan seorang diri. Tampaknya anak itu akan menyeberang di tempat penyeberangan.
- Tetapi, anak itu tidak melihat bahwa lampu masih merah.
- Waktu itu belum boleh menyeberang.
- Anak itu terus menyeberang saja.
- Padahal ada mobil kencang.
- Selanjutnya, anak tadi jatuh, kakinya berdarah.
- Orang-orang yang berada di tepi jalan dan yang mengetahuinya, lalu melihat anak tadi.
- Untunglah (karena) tiada lama ada orang yang melaporkan ke rumah sakit.
- Kemudian, mobil ambulans datang.
- Anak tadi diusung, dimasukkan (ke dalam) mobil ambulans lalu dibawa ke rumah sakit.
- Kemudian, kaki anak itu dibalut dan ia memakai tongkat atau krek.

## Bahasa Jawa

- D/I/1. *Dina prei yaiku prei semesteran aku lunga nang Bali.*
- D/I/2. *Dhik Bali ana omahe dulurku yaiku omahe paktdeku.*
- D/I/3. *Aku dikongkon numpak bis mergane luwih cepet tinimbang sepur.*
- D/I/4. *Lan numpak bis iku n ke isa liwat kutha-kutha gedhe.*
- D/I/5. *Esuk-esuk aku adus, terus tuku karcis bis.*
- D/I/6. *Aku tuku karcis dhik loket.*
- D/I/7. *Wis mari tuku karcis aku ngeniteni dhik terminal bis iku karo delok-delok wong wira-wiri nggawa barang.*
- D/I/8. *Let sedhelut maneh aku numpak, terus golek lungguhan sing enak.*
- D/I/9. *Aku lungguh cedheke bis supaya isis lan isa delok keramane dalan.*
- D/I/10. *Bis wis pol yaiku wong-wong sing wis padha numpak.*
- D/I/11. *Bis mulai mlaku entruk-entruk, tapi suwe-suwe banter.*
- D/I/12. *Sing dimot bis iku dideleh dhik dhuwur.*
- D/I/13. *Rasane bis iku kaya ora isa mlaku marga kabotan.*
- D/I/14. *Pas bis enak-enak mlaku, kondhektur bis ngadek terus mla-*

## Bahasa Indonesia

- Pada hari libur, yaitu libur semester, saya pergi ke Bali.
- Di Bali (saya tinggal) di rumah saudara saya, yaitu paman saya. Saya disuruh naik bus sebab bus lebih cepat daripada kereta api.
- (Dan) naik bus itu lebih enak (karena) dapat lewat di kota-kota besar.
- Pagi-pagi benar saya mandi lalu membeli karcis bus.
- Saya membeli karcis di loket.
- Setelah selesai membeli karcis, saya menunggu di terminal bus itu, sambil melihat orang berbondong-bondong membawa barang.
- Beberapa saat kemudian saya naik (bus), lalu mencari tempat duduk yang enak.
- Saya duduk di dekat bus supaya sejuk dan dapat melihat keramaian jalan.
- Bus sudah penuh (dengan) orang-orang yang menaikinya.
- Bus mulai berjalan pelan-pelan, tetapi lama-kelamaan (menjadi) cepat.
- (Apa-apa) yang dimuatkan di bus itu diletakkan di atas.
- Rasanya bus itu seperti tidak dapat berjalan sebab keberatan beban.
- Pada waktu bus berjalan, kondhektur bus berdiri lalu berjalan

## Bahasa Jawa

- ku-mlaku njaluki karcis, marga lek gak dijuluk utawa didelok isa kedadeyan wong sing nyron-dol.*
- D/I/15. *Yaiku wong sing gak tuku karcis tapi mara-mara melok numpak.*
- D/I/16. *Pas tiba giliran ku, karcisku dijuluk terus tak kekna nang pak kondaktur.*
- D/I/17. *Pak kondhektur manthuk-manthuk tandane aku gak nglang-gar peraturan.*
- D/I/18. *Dhik tengah dalan mara-mara ana cedhatan.*
- D/I/19. *Aku ndelok thok totok jero bis, apa sebabe kok ana polisi.*
- D/I/20. *Wis mari didelok surat-surate iku maeng is dikongkon mlaku maneh.*
- D/I/21. *Jaman saiki wis jaman kemajuan.*
- D/I/22. *Apa maneh jenenge desa saiki wis padha maju lan rame.*
- D/I/23. *Dalan-dalan wis akeh sing diaspal.*
- D/I/24. *Lek kene lungo nang Surabaya, wah seneng temenan.*
- D/I/25. *Toko-tokone wis akeh sing ditingkat.*
- D/I/26. *Toko-toko iku dodol sembarang kalir.*
- D/I/27. *Dadi wong sing liwat padha delok-delok karo ngumbah mata.*
- D/I/28. *Dalane kutha Surabaya wis mu-*

## Bahasa Indonesia

- memungut karcis sebab jika tidak dipungut atau diperiksa akan (mungkin) terjadi orang tidak membayar.
- (Yaitu) orang yang tidak membeli karcis, tetapi tak-tahunya (orang itu) ikut naik.
- Tepat pada giliran ku, karcisku diperiksa lalu kuberikan kepada Pak Kondaktur.
- Pak Kondaktur mengangguk-anggukkan kepala, tandanya saya tidak melanggar peraturan.
- Di tengah jalan tiba-tiba ada pemeriksaan.
- Saya melihat saja dari dalam bus apa sebabnya ada polisi.
- Setelah selesai diperiksa surat-surat itu, bus dipersilakan berjalan lagi.
- Zaman sekarang sudah modern.
- Apalagi (yang namanya) desa sekarang sudah maju dan modern.
- Jalan sudah banyak yang diaspal.
- Jika kita pergi ke Surabaya, wah, senang sekali.
- Toko-toko sudah banyak yang dibuat bertingkat.
- Toko-toko itu (tempat) berjualan apa saja.
- Jadi, orang yang lewat semuanya melihat-lihat sambil mencuci mata.
- Jalan di kota Surabaya sudah



## Bahasa Jawa

## Bahasa Indonesia

- D/I/29. *lus-mulus lan entas diambakna. Dadi montor-montor sing liwat ana kutha Surabaya ya padha seneng.* bersih dan baru saja dilebarkan. Jadi, (sopir) mobil yang melewati kota Surabaya banyak yang senang.
- D/I/30. *Mulane iku saiki dalam sing digawe nyabrang wis didhewekna lan dikeki rambu-rambu lahu-lintas.* Oleh karena itu, sekarang tempat menyeberang sudah dikhususkan dan dipasang rambu-rambu lalu-lintas.
- D/I/31. *Supaya wong sing nyabrang isa diatur.* Supaya orang yang menyeberang dapat diatur.
- D/I/32. *Pas wayahe arek sekolah padha mulih, dalan-dalan gedhe padha rame.* Pada waktu anak sekolah pulang, jalan raya amat ramai.
- D/I/33. *Ana sing numpak montor, sepedha montor, ya ana sing mlaku.* Ada yang naik mobil, naik sepeda motor, dan ada pula yang berjalan kaki.
- D/I/34. *Ana arek lanang, yaiku jenenge Amir, arek iku lek mulih sekolah mesthi mlaku.* Ada anak laki-laki, yaitu yang bernama Amir, (anak itu) jika pulang sekolah pasti berjalan kaki.
- D/I/35. *Pas Amir kate nyabrang, ya delok-delok dhisik terus nyabrang.* Pada waktu Amir akan menyeberang, ia melihat-lihat dahulu, lalu menyeberang.
- D/I/36. *Pas iku ana montor sedhan mlaku banter temenan.* Pada waktu itu ada mobil berjalan kencang sekali.
- D/I/37. *Terus Amir ketabrak, lan ora eling apa-apa mergane wis semapat.* Kemudian Amir tertabrak dan tak sadarkan diri sebab (sudah) pingsan.
- D/I/38. *Polisi mlayu-mlayu marani kecelakaan lan kate nulung Amir.* Polisi berlari-lari menuju tempat kecelakaan dan akan menolong Amir.
- D/I/39. *Wong-wong sing eruh dhik dalan padha njerit delok kecelakaan iku.* Orang-orang yang berada di tepi jalan semuanya berteriak melihat kecelakaan itu.
- D/I/40. *Buku, tas karo liyane morat-marit lan mencelat dhik sebe-* Buku, tas, dan lain-lainnya berhamburan dan terlempar di sebe-

## Bahasa Jawa

*lah kiwane montor.*

- D/I/41. *Polisi terus nyeluk ambulans kanggo nggawa Amir nang rumah sakit.*
- D/I/42. *Montor ambulans teko, terus lawange dibukak amba lan Amir diunggahna menjero.*
- D/I/43. *Pas diangkat iku, Amir wis ora eling apa-apa.*
- D/I/44. *Tangane dirangkulna nang tangane Bapak polisi.*
- D/I/45. *Terus Amir digawa nang rumah sakit.*
- D/I/46. *Metu totok rumah sakit Amir mlaku nggawe teken mergane tangane diperban lan ditaleni digantungna nang pundhake.*
- D/I/47. *Terus saiki ya diperban.*
- D/I/48. *Dadi lek mulih saiki pincang.*
- D/I/49. *Amir mulih karo endhase ndhingkuk ngelingna kejadian an sing dialami.*
- D/I/50. *Dina Minggu Adi, Udin karo Bapake lunga nang pasar.*
- D/I/51. *Pas dina Minggu mesthi pasare rame.*
- D/I/52. *Mergane wong dodol ya akeh, wong toko ya akeh.*
- D/I/53. *Arek sekolah karo wong-wong sing wis nyambut gawe ya padha prei kabeh.*
- D/I/54. *Dhik pasar iku wong blanja kaya semut.*

## Bahasa Indonesia

lah kiri mobil.

- Polisi lalu memanggil ambulans untuk mengangkut Amir ke rumah sakit.
- Mobil ambulans datang lalu pintunya dibuka lebar dan Amir dimasukkan ke dalamnya.
- Pada waktu diangkat itu, Amir sudah tidak ingat apa-apa.
- Tangannya dipelukkan ke tangan Bapak Polisi.
- Kemudian Amir dibawa ke rumah sakit.
- Keluar dari rumah sakit Amir berjalan menggunakan tongkat sebab tangannya dibalut dan diikat digantungkan di bahunya.
- Kemudian, sekarang ia dibalut. Jadi, jika pulang sekarang, ia pincang.
- Amir pulang dengan menundukkan kepala, mengingat kejadian yang dialaminya.
- Hari Minggu Adi, Udin, dengan ayahnya pergi ke pasar.
- Pada hari Minggu pasar pasti ramai.
- Sebab orang yang berjualan banyak sekali, orang yang membeli juga banyak.
- Anak sekolah dan orang yang bekerja juga libur.
- Di pasar itu orang yang berbelanja seperti semut.

## Bahasa Jawa

- D/I/55. *Saking akehe wong liwat padha sek-sekan.*
- D/I/56. *Dhik pasar iku sing didol ya warna-warna.*
- D/I/57. *Ana sing dodol iwak, sayur, beras.*
- D/I/58. *Terus Udin, Adi lan Bapaké mlebu golek-golek apa sing disenengi.*
- D/I/59. *Pas dhik jero pasar iku ketemu karo wong wedok nangis, karo nggawa tas sing isine barang-barang blanjaan.*
- D/I/60. *Wong wedok iku nangis misek-misek karo eluhe diusapi setangan.*
- D/I/61. *Adi, Udin karo bapaké ndelok karo mlongo merga ora ngerti ana kejadian apa.*
- D/I/62. *Suwe-suwe wong telu maeng padha eruh, lek wong wedok iku dicopet dhompete.*
- D/I/63. *Mara-mara dhik buri wong telu maeng krungu rame-rame.*
- D/I/64. *Terus Adi, Udin lan bapaké delok.*
- D/I/65. *Ana wong lanang gawe kacamata karo klambi celanane setil, wong ya nggantheng terus tangane diborgol dhik burine.*
- D/I/66. *Wong wedok iku ya noleh,*

## Bahasa Indonesia

- Karena banyaknya orang yang berjalan saling berdesakan.
- Di pasar itu yang dijual juga bermacam-macam.
- Ada yang berjualan ikan, sayur, dan beras.
- Kemudian, Udin, Adi, dan ayahnya masuk mencari-cari apa yang disenangi.
- Pada waktu itu, di dalam pasar, mereka bertemu dengan orang perempuan yang sedang menangis sambil membawa tas yang berisi barang belanjaan.
- Orang perempuan itu menangis tersedu-sedu sambil menghapus air matanya dengan saputangan.
- Adi, Udin, dan ayahnya melihat dengan tercengang sebab tak mengetahui apa sebenarnya kejadian itu.
- Lama-kelamaan ketiga orang itu mengetahui, kalau dompet orang perempuan itu dicopet.
- Tiba-tiba di belakang ketiga orang itu terdengar suara ramai-ramai.
- Kemudian Adi, Udin, dan ayahnya melihat.
- Ada orang laki-laki memakai kacamata dengan pakaian rapi dan orangnya juga tampan, (kemudian) tangannya diborgol di belakang.
- Orang perempuan itu menoleh

**Bahasa Jawa**

*merga sing nyopet dhompete  
ya wong iku.*

D/I/67. *...erus copet iku digawa nang  
kantor lan dicekeli karo pak  
Hansip.*

D/I/68. *Wong sing dodol karo wong  
sing blanja padha delok kabeh.*

D/I/69. *Ana sing bengak-bengok ana  
sing ngapokna lek copete isa  
dicekel.*

**Bahasa Indonesia**

sebab yang mencopet dompet-nya adalah orang itu.

Lalu pencopet itu dibawa ke kantor dan dipegangi Pak Hansip.

Orang yang berjualan dan orang yang berbelanja semuanya melihat (kejadian itu).

Ada yang berteriak-teriak, ada yang mengolokkannya mengapa pencopet dapat ditangkap.

## Bahasa Jawa

- E/I/1. *Sa' marine sekolah sa' bare ulangan, kabeh sekolahan prei seminggu.*
- E/I/2. *Pas wayahe iku ana arek loro mas ambek adhike sing jenenge Amir ambek Amin ngomong-ngomong perkara preian.*
- E/I/3. *Sak marine arek loro maeng ngerencanakna lunga nang daleme pamane sing dhik Surabaya.*
- E/I/4. *Terus arek loro mau matur nang bapake supaya diterna nang Surabaya.*
- E/I/5. *Sebab arek loro mau durung tau nang Surabaya.*
- E/I/6. *Bapak krasa sakaken.*
- E/I/7. *Mangkane bapake gelem ngeterna putrane nang Surabaya jam 07.00 isuke.*
- E/I/8. *Bengine arek loro mau gak isa turu, sebab terus arep-arep supaya cepet isuk.*
- E/I/9. *Bareng wis isuk bapake ijik durung wungu.*
- E/I/10. *Tapi arek loro mau wis padha tangi, terus adus cepak-cepak katene lunga.*
- E/I/11. *Kira-kira jam 06.00 wong telu mau wis padha berangkat nang terminal.*
- E/I/12. *Soale wedi lek ketinggalan bis sing jurusan Surabaya.*
- E/I/13. *Sa' wise dhik terminal wong telu mau langsung numpak bis jurusan Surabaya.*

## Bahasa Indonesia

- Setelah selesai ulangan, semua sekolah libur seminggu.
- Pada waktu itu dua orang anak kakak beradik, bernama Amir dan Amin, berbincang-bincang tentang masalah liburan.
- Selesai berbincang-bincang, kedua anak itu merencanakan akan pergi ke rumah pamannya yang ada di Surabaya.
- Kemudian, kedua anak itu berkata kepada ayahnya agar diantarkan ke Surabaya.
- Sebab keduanya belum pernah ke Surabaya.
- Bapak merasa kasihan.
- Oleh karena itu, ayahnya mau mengantarkan anaknya ke Surabaya pukul 07.00.
- Malam harinya kedua anak itu tak dapat tidur sebab menunggununggu datangnya pagi.
- Setelah pagi hari, ayahnya masih belum bangun.
- Tetapi, kedua anak itu sudah bangun lalu mandi (dan) bersiap-siap akan bepergian.
- Kira-kira pukul 06.00 ketiga orang itu bersama-sama berangkat ke terminal.
- Sebab takut jika tertinggal bus yang jurusan Surabaya.
- Setelah (sampai) di terminal, ketiga orang itu langsung naik bus jurusan Surabaya.

## Bahasa Jawa

- E/I/14. *Wong telu mau lungguh dhik bangku sing jejer telu.*
- E/I/15. *Dhik burine kursi sing dilungguhi iku ana tulisan "jagalah kebersihan".*
- E/I/16. *Iki berarti kabeh penumpang kudu njaga kebersihan.*
- E/I/17. *Dhik dhukure kaca bis ana tulisan "dilarang mengeluarkan anggota badan" artine kabeh penumpang nggak oleh ngetokne tangane apa sing liyane pas bise mlaku.*
- E/I/18. *Sebabpe wedhi nek terjadi kecelakaan pas bise papakan ambek kendharaan liyane.*
- E/I/19. *Dhik jerone bis arek loro mau, mesthi takon apa sing didelok nang bapake.*
- E/I/20. *Bapake gak bosen-bosen jawab sing ditakokna karo anake mau.*
- E/I/21. *Dadi wong telu mau gak krasa lek perjalanane wis sak jam.*
- E/I/22. *Mara-mara bise mandheg sebab didhek karo polisi lalulintas sing jaluk surat-surate.*
- E/I/23. *Bareng surate bis lengkap bise cepet-cepet dijino nerusno perjalanane.*
- E/I/24. *Kabeh penumpang seneng apa maneh arek loro mau ambek bapake, sebabpe bise gak suwe diperiksa karo polisi lalu lintas.*

## Bahasa Indonesia

- Ketiga orang tadi duduk di bangku deretan (yang) berjajar tiga. Di belakang kursi yang ditempati itu terdapat tulisan "jagalah kebersihan".
- Ini berarti semua penumpang harus menjaga kebersihan.
- Di atas kaca bus terdapat tulisan "dilarang mengeluarkan anggota badan"; artinya, pada waktu bus berjalan semua penumpang tak boleh mengeluarkan tangan atau anggota yang lainnya.
- Sebab takut kalau terjadi kecelakaan pada waktu bus itu berhadapan dengan bus lain (berpapasan).
- Di dalam bus kedua anak tadi, selalu bertanya kepada ayahnya tentang apa yang dilihat.
- Ayahnya tak-bosan-bosan menjawab apa yang ditanyakan anaknya itu.
- Jadi, ketiga orang itu tak merasakan kalau perjalanannya sudah satu jam.
- Tiba-tiba bus berhenti sebab disetop oleh polisi lalu lintas yang meminta surat-surat bus.
- Setelah surat bus lengkap, bus itu cepat-cepat diizinkan meneruskan perjalanan.
- Semua penumpang senang, apalagi kedua anak bersama ayahnya itu, sebab bus itu tak seberapa lama diperiksa oleh polisi lalu lintas.

## Bahasa Jawa

- E/I/25. *Jam 12.15 bis wis tekan dhik Surabaya.*
- E/I/26. *Terus mlebu terminal, sa' mari-ne iku parkir.*
- E/I/27. *Terus kabeh penumpang mudhun termasuk Amir, Amin ambek Bapake.*
- E/I/28. *Wong telu iku terus mlaku nang omahe pamane sing dhik Surabaya.*
- E/I/29. *Dhik kutha-kutha gedhe termasuk kutha Malang saben dina nesthi rame.*
- E/I/30. *Luwih-luwih pas jam-jam tertentu isuk ambek awan.*
- E/I/31. *Liyane saka iku akeh kendaraan sing riwa-riwi golek penumpang.*
- E/I/32. *Awane pas arek-arek mulih sekolah akeh murid-murid sing nyebrang ana dalane sing diten-tokna.*
- E/I/33. *Dalan sing digawe nyebrang ana garis-garise disebut "zebra cross".*
- E/I/34. *Ya dhik kene iku tempat nye-brang.*
- E/I/35. *Sapa ae oleh nyebrang supaya gak terjadi kecelekaan.*
- E/I/36. *Sa' wijine dino, pas sekolah wis wayahe mulih ketok murid sing jenenge Hasan nyebrang dalan.*
- E/I/37. *Sebab Hasan nuruti peraturan.*

## Bahasa Indonesia

- Pukul 12.15 bus sudah tiba di Surabaya.
- Lalu (bus) masuk ke terminal, setelah itu parkir.
- Kemudian, semua penumpang turun, termasuk Amir, Amin, dan ayahnya.
- Ketiga orang itu lalu berjalan ke rumah paman yang ada di Surabaya.
- Di kota besar, termasuk kota Malang, setiap hari pasti ramai.
- Lebih-lebih pada jam-jam tertentu pada pagi dan siang.
- Selain itu, banyak kendaraan yang lalu-lalang mencari penumpang.
- Siang hari pada waktu anak-anak pulang sekolah, banyak murid yang menyeberang pada jalan yang ditentukan.
- Pada jalan yang dipakai menyeberang terdapat garis-garis, yang disebut *zebra cross*.
- Di situlah tempat menyeberang.
- Siapa saja boleh menyeberang agar tidak terjadi kecelakaan.
- Pada suatu hari, pada waktu pulang sekolah, tampaklah seorang murid, yang bernama Hasan, menyeberang jalan.
- Sebab Hasan menuruti peraturan.

**Bahasa Jawa**

- E/I/38. *Hasan dhik sekolahan ana pelajaran UKS.*
- E/I/39. *Dhik kana guru ngajarna ya apa carane nulung wong pas kecelakaan sing kedadian di tengah jalan.*
- E/I/40. *Biasane sa' marine guru nerangna guru iku ngongkon murid-muride metu saka kelas.*
- E/I/41. *Maksude supaya mempraktekana pelajaran iku.*
- E/I/42. *Arek-arek kabeh pakaiane seragam.*
- E/I/43. *Arek-arek dhik pinggir dalan, nyaksekna ramee lalu lintas dhik dalan.*
- E/I/44. *Ketepakan gak adoh totok sekolahan.*
- E/I/45. *Hasan ndelok ana murid sing kate nyabrang.*
- E/I/46. *Tapi malang nasibe.*
- E/I/47. *Sebab totok burine ana montor, sopir gak sempat ngerem.*
- E/I/48. *Mangkakna ana kejadian kecelakaan.*
- E/I/49. *Tase arek mau tiba dhik pinggire sing nabrak mau.*
- E/I/50. *Uwong-uwong sing ndelok kedadean iku mengok wedi.*
- E/I/51. *Pas Hasan ambek kanca-kanca ndelok kedadean iki, akeh sing nyedeki, ambek cepet-cepet ngekeki pertolongan.*
- E/I/52. *Hasan cepet nilpon nang rumah*

**Bahasa Indonesia**

- Hasan di sekolah mendapat pelajaran UKS.
- Dalam pelajaran itu guru mengajarkan bagaimana cara menolong orang (yang mendapat) kecelakaan di tengah jalan.
- Biasanya setelah selesai menerangkan, guru menyuruh muridnya keluar dari kelas.
- Maksudnya agar mempraktikkan pelajaran itu.
- Semua anak memakai pakaian seragam.
- Anak-anak di pinggir jalan menyaksikan keramaian lalu-lintas di jalan.
- Bertepatan tidak jauh dari sekolah.
- Hasan melihat ada murid yang akan menyeberang.
- Tetapi, malang nasibnya.
- Sebab dari belakangnya datang mobil, sopir tidak sempat mengerem.
- Oleh karena itu, terjadilah kecelakaan.
- Tas anak tadi jatuh di pinggir mobil yang menabrak tadi.
- Orang-orang yang melihat kejadian itu takut melihat.
- Pada waktu Hasan dan teman-temannya melihat kejadian itu, banyak yang mendekat dan cepat-cepat memberikan pertolongan.
- Hasan cepat menelepon ke ru-



## Bahasa Jawa

*sakit supaya cepet ditekakna ambulans.*

- E/I/53. *Sa'wise ambulans teka areke cepet dilebona nang jero, terus diangkat nang rumah sakit.*
- E/I/54. *Hasan karo kanca-kancane ya melok nang rumah sakit.*
- E/I/55. *Nyatane lengen karo sikile arek mau patah.*
- E/I/56. *Sementara, arek iku lek mlaku kudu gawe kreg.*
- E/I/57. *Sawijine dina, Pak Amir karo putrane loro kepengin lunga nang pasar ate ndelok ramene pasar.*
- E/I/58. *Arek loro iku seneng nemen, sebabe kekarepane keturutan.*
- E/I/59. *Kebeneran dinane dina Minggu, pasar rame nemen, akeh uwong sing kepingin blanja.*
- E/I/60. *Sa'wise wong telu iku ana jero pasar, ndelok uwong-uwong sing dodolan dhik kana, wong telu iku akhire lali apa sing kate dituku.*
- E/I/61. *Sebabe dhik tengah-tengah pasar iku wong telu ndelok wong wedok nggawa keranjang ambek nangis.*
- E/I/62. *Pak Amir ambek wong loro mau cepet nyedeki wong wedok iku.*
- E/I/63. *Nyatane wong wedok mau nangis sebabe mari kecopetan.*

## Bahasa Indonesia

mah sakit agar cepat mendatangkan ambulans.

- Setelah ambulans tiba, anak itu cepat dimasukkan ke dalamnya, lalu dibawa ke rumah sakit.
- Hasan dan teman-temannya juga ikut ke rumah sakit.
- Ternyata lengan dan kaki anak itu patah.
- Untuk sementara, anak tadi, kalau berjalan, harus menggunakan kreg.
- Pada suatu hari, Pak Amir dengan kedua orang putranya ingin pergi ke pasar hendak melihat keramaian pasar.
- Kedua anak itu senang sekali sebab keinginannya dikabulkan.
- Tepat pada hari Minggu pasar ramai sekali banyak orang yang ingin berbelanja.
- Setelah ketiga orang itu berada di dalam pasar, melihat orang yang berjualan, akhirnya mereka lupa apa yang akan dibeli.
- Sebab di tengah-tengah pasar itu mereka melihat orang perempuan membawa keranjang sambil menangis.
- Pak Amir dengan kedua orang anaknya cepat mendekati perempuan itu.
- Ternyata orang perempuan itu menangis sebab (baru saja) kecopetan.

## Bahasa Jawa

- E/I/64. *Kabeh sing ndelok rasane gak sampek ati nyaksekna wong wedok kecopetan mau.*
- E/I/65. *Mangkane ana wong sing nggoleki copete, ana sing lapor polisi.*
- E/I/66. *Gak sepira suwe totok adoh krungu rame-rame yaiku suara pukulan ambek jeritan wong sing kena pukul.*
- E/I/67. *Nyatane wong sing digepuki mau ya lak copete.*
- E/I/68. *Dheke nggawe klambi loreng.*
- E/I/69. *Sawise digepuki, tangane pencopet ditaleni terus digawa nang wong wedok mau, terus digawa nang polisi.*
- E/I/70. *Lha wong wedok mau didadekna saksi.*
- E/I/71. *Amir, Saleh lan bapake akhire mulih nang omahe.*

## Bahasa Indonesia

- Semua yang melihat (kejadian itu), rasanya tidak sampai hati menyaksikan orang perempuan yang kecopetan itu.
- Oleh karena itu, ada orang yang mencari pencopet dan ada yang melaporkan kepada polisi.
- Tak seberapa lama dari kejauhan terdengar suara ribut-ribut, yaitu suara pukulan dan jeritan orang yang dipukul.
- Ternyata orang yang dipukuli itu adalah pencopet.
- Ia memakai baju loreng.
- Setelah dipukuli, tangan pencopet itu diikat, dibawa kepada orang perempuan tadi, lalu dibawa ke kantor polisi.
- Kemudian, orang perempuan tadi dijadikan saksi.
- Amir, Saleh, dan ayahnya akhirnya pulang ke rumah.

## Bahasa Jawa

- F/I/1. *Wayah reian semesteran aku lunga nang urabaya.*
- F/I/2. *Dhik Surabaya aku dhik daleme pakdhe.*
- F/I/3. *Aku numpak bis, sebab bis iku luwih cepet timbang sepur.*
- F/I/4. *Lan numpak bis iku iso mudhun sak enggon-enggon.*
- F/I/5. *Numpak bis iku ngliwati kuthakutha lan sawah-sawah.*
- F/I/6. *Wayah esuk aku budhal tuku karcis.*
- F/I/7. *Mari tuku karcis aku nunggu dhik terminal.*
- F/I/8. *Sa marine iku aku terus numpak lan golek lungguhan sing empuk.*
- F/I/9. *Aku lungguh cedheke bis lan isa ndelok nang endi-endi.*
- F/I/10. *Ketoke bis wis pol, terus bis mulai mlaku.*
- F/I/11. *Mlakune lirih-lirih.*
- F/I/12. *Barang wis totok sawah bise dibanterna.*
- F/I/13. *Barang-barange didheleh nang dhuwur.*
- F/I/14. *Pas enak-enake mlaku kondhektur nariki karcis.*
- F/I/15. *Aku ya ditariki karcis.*
- F/I/16. *Lan aku mbayar.*
- F/I/17. *Lek gak ditariki akeh wong-wong sing ora gelem bayar.*
- F/I/18. *Dhik tengah dalan mara-mara ana cegatan polisi (momen).*

## Bahasa Indonesia

- Pada waktu libur semester saya pergi ke Surabaya.
- Di Surabaya saya ke rumah paman.
- Saya naik bus sebab bus itu lebih cepat daripada kereta api.
- (Dan) naik bus itu dapat turun di segala tempat.
- Naik bus itu melewati kota-kota dan sawah-sawah.
- Pada waktu pagi saya berangkat membeli karcis.
- Setelah membeli karcis, saya menunggu di terminal.
- Setelah itu saya terus naik bus dan mencari tempat duduk yang empuk.
- Saya duduk di dekat (pintu) bus dan dapat melihat ke mana-mana.
- Kelihatannya bus sudah penuh, lalu mulai berangkat.
- Jalannya pelan-pelan.
- Setelah sampai di sawah, bus dipercepatkan.
- Barang-barang ditaruh di atas.
- Pada waktu asyik berjalan, kondaktur memungut karcis.
- Saya juga dipungut karcis.
- (Dan) saya membayar.
- Jika tidak dipungut, banyak orang yang tak mau membayar.
- Di tengah jalan tiba-tiba polisi menghentikan (mobil).

**Bahasa Jawa**

- F/I/19. *Polisi mau ndeloki surat-surat bis karo SIM.*
- F/I/20. *Sa'wise dideloki terus bis iku mlaku maneh.*
- F/I/21. *Terus bis mau totok terminal, terus parkir.*
- F/I/22. *Kabeh penumpang padha mudhun.*
- F/I/23. *Saiki wis jaman modern.*
- F/I/24. *Omah-omah wis akeh sing dibangun, dalan-dalan wis padha diaspal.*
- F/I/25. *Lek kene ndelok kutha Surabaya apa kutha Malang, wah rame temenan.*
- F/I/26. *Toko-tokone wis akeh sing dibangun tingkat.*
- F/I/27. *Akeh wong-wong sing mlaku-mlaku karo ngumbah moto.*
- F/I/28. *Montor-montor pating sliwer.*
- F/I/29. *Lan saiki ana dalan sing digawe nyabrang, yaiku sing jenenge "zebra cross".*
- F/I/30. *Supaya ora ana kecelakaan.*
- F/I/31. *Pas wayahe arek-arek sekolah mulih, dalan-dalan luwih rame maneh.*
- F/I/32. *Ana mobile, becak-becak, sepedha montor lan arek-arek sing mlaku mulih sekolah.*
- F/I/33. *Ana arek sing jenenge Amir totok mulih sekolah, anak-enake mlaku ditabrak montor saka buri.*
- F/I/34. *Soale sing nyopir kaget lan ora sempat ngerem.*

**Bahasa Indonesia**

- Polisi tadi memeriksa surat-surat bus dan SIM.
- Setelah dilihat-lihat, bus itu berjalan lagi.
- Kemudian, bus sampai di terminal lalu diparkir.
- Semua penumpang turun.
- Sekarang sudah zaman modern. Rumah sudah banyak yang dibangun, jalan sudah banyak yang diaspal.
- Jika kita melihat kota Surabaya atau kota Malang, wah, ramai sekali.
- Toko-toko sudah banyak yang dibangun bertingkat.
- Banyak orang yang berjalan-jalan sambil mencuci mata.
- Mobil-mobil lalu-lalang. (Dan) sekarang ada jalan (yang dibuat) menyeberang, yaitu (yang disebut) *zebra-cross*.
- Supaya tidak terjadi kecelakaan. Pada waktu anak sekolah pulang, jalan-jalan lebih ramai lagi.
- Ada mobil, becak-becak, sepeda motor, dan anak-anak yang berjalan kaki pulang sekolah.
- Ada anak, Amir namanya, pulang dari sekolah, tengah asyik berjalan ia ditabrak mobil dari belakang.
- Karena yang menyetir terkejut dan tidak sempat mengerem.

## Bahasa Jawa

## Bahasa Indonesia

- F/I/35. *Lan Amir ora eling, sebab semaput.* (Dan) Amir tidak ingat sebab pingsan.
- F/I/36. *Wong-wong rame-rame lan ana sing nulungi.* Orang ramai-ramai (dan ada yang) menolong.
- F/I/37. *Terus polisi teka ndelok lan mriksa apa sebabe kecelakaan iku.* Kemudian, polisi datang melihat dan memeriksa apa sebab kecelakaan itu.
- F/I/38. *Buku lan tase kocar-kacir dhik pinggire montor iku.* Buku dan tasnya berserakan di pinggir mobil itu.
- F/I/39. *Let sedhelut maneh ambulan teka.* Tak berapa lama lagi datangnya ambulans.
- F/I/40. *Ambulan iku mau ngangkut Amir nang rumah sakit.* Ambulans itu mengangkut Amir ke rumah sakit.
- F/I/41. *Pas iku Amir ora eling apa-apa.* Pada waktu itu Amir tidak ingat apa-apa.
- F/I/42. *Metu totok rumah sakit Amir mlaku nggae teken sebab sikile pincang.* Ketika keluar dari rumah sakit, Amir berjalan dengan tongkat sebab kakinya pincang.
- F/I/43. *Amir getun ngeling-eling nasibe.* Amir menyesal merenungkan nasibnya.
- F/I/44. *Minggu-minggu Amir, Adi karo Bapake blanja nang pasar.* Pada hari Minggu Amir, Adi, dan ayahnya berbelanja ke pasar.
- F/I/45. *Dina Minggu iku rame timbang biasane.* Pada hari itu tampaknya pasar lebih ramai daripada biasanya.
- F/I/46. *Wong dodol karo wong tuku akeh banget.* Orang yang berjualan dan orang yang membeli banyak sekali.
- F/I/47. *Arek-arek sing sekolah lan wong-wong sing wis kerja ya padha prei.* Anak yang bersekolah dan orang yang sudah bekerja semua berlibur.
- F/I/48. *Wong-wong sing ana pasar iku padha sek-sekan saking akehe.* Orang-orang yang ada di pasar itu berdesakan karena banyaknya.
- F/I/49. *Ana sing dodol janganan (sayur), ana sing dodol daging, ana sing dodol kain lan klambi dadi.* Ada yang berjualan sayur; ada yang berjualan daging; ada yang berjualan kain dan pakaian jadi.

**Bahasa Jawa**

- F/I/50. *Amir, Adi karo bapake iya mlebu dhik jero pasar mau.*
- F/I/51. *Terus tuku-tuku apa-apa sing disenengi.*
- F/I/52. *Dhik pasar iku Amin, Adi karo bapake ketemu karo wong wedok nangis.*
- F/I/53. *Wong wedok mau nangis mergane dhompete dicopet uwong.*
- F/I/54. *Bareng iku dhik buri ana suara rame-rame wong digepuki.*
- F/I/55. *Terus Amir, Adi lan bapake cepet-cepet delok.*
- F/I/56. *Nyatane wong sing digepuki mau copete.*
- F/I/57. *Wonge nggae kaca mata lan klambi setil.*
- F/I/58. *Mari iku copet iku digawa nang kantor polisi karo pak Hansip.*

**Bahasa Indonesia**

- Amir, Adi, dengan ayahnya juga masuk ke dalam pasar.
- Kemudian, membeli apa-apa yang disenangi.
- Di dalam pasar itu Amir, Adi, dan ayahnya bertemu dengan orang perempuan menangis.
- Orang perempuan tadi menangis sebab dompetnya dicopet orang.
- Pada saat itu di belakang mereka ada suara ribut orang dipukuli.
- Kemudian Amir, Adi, dan ayahnya cepat-cepat melihat.
- Ternyata orang yang dipukuli itu adalah pencopet.
- Orang itu memakai kaca mata dengan pakaian yang necis.
- Setelah selesai, pencopet itu dibawa ke kantor polisi oleh Pak Hansip.

## Bahasa Jawa

- G/I/1. *Pas sekolahan prei, arek-arek njaluk lunga nang Surabaya.*
- G/I/2. *Tapi aku gak terus nuruti penjaluke, sebab aku repot temen, akeh pengawean.*
- G/I/3. *Penjalukane tak semayani minggu ngarep.*
- G/I/4. *Nanging arek-arek gak kanti, sebab kepingin cepet-cepet eruh kebon binatang lan bibikne sing guk Surabaya.*
- G/I/5. *Arek-arek tetep njaluk dina Minggu mene.*
- G/I/6. *Akhire tak turuti ae.*
- G/I/7. *Malem Minggu arek-arek padha nyiapna pakeane dhewe-dhewe.*
- G/I/8. *Ibu'e nyiapna panganan sing kate digawa mene suk.*
- G/I/9. *Kira-kira jam sepuluh bengi ibu'e wis mari olehe nggawa panganan.*
- G/I/10. *Nanging arek-arek durung turu ae, padhalal olehe nyiapna pakean jam wolu sore maeng wis mari.*
- G/I/11. *Tak takoni "apa sebabe kok gak turu-turu", jawape "ketok-ketoken Surabaya, Pak".*
- G/I/12. *Ngantek aku ngelilir jam siji bengi, arek-arek sik durung turu ae.*

## Bahasa Indonesia

- Pada saat libur sekolah, anak-anak mengajak pergi ke Surabaya.
- Tetapi, saya tidak langsung menyangulkan permintaannya sebab saya sibuk sekali, banyak pekerjaan.
- Permintaannya saya janjikan (akan saya penuhi) minggu depan.
- Tetapi, anak-anak tidak sabar sebab ingin cepat-cepat mengetahui kebun binatang dan (menemui) bibinya yang di Surabaya.
- Anak-anak tetap minta agar bergian pada hari Minggu besok. Akhirnya, saya kabulkan saja.
- Malam Minggu anak-anak menyiapkan pakaian masing-masing.
- Ibunya menyiapkan makanan yang akan dibawa besok pagi.
- Kira-kira pukul sepuluh malam ibunya selesai membuat makanan.
- Tetapi, anak-anak belum tidur (saja), padahal sejak pukul delapan malam mereka sudah selesai menyiapkan pakaian.
- Saya tanyai "Mengapa belum tidur?" Jawab mereka, "Terbayang kota Surabaya, Pak."
- Sampai saya terbangun pukul satu malam, anak-anak masih belum juga tidur.

## Bahasa Jawa

- G/I/13. *Akhire tak janjeni, "Nek koen setengah jam maneh durung turu, mene gak sida nang Surabaya, babah ceke kapok".*
- G/I/14. *Gak suwe arek-arek padha turu kabeh.*
- G/I/15. *Jam lima esuk sing cilik, Ida wis tangi.*
- G/I/16. *Dulur-duhure Agus, Son, lan Rita padha dicebleki ceke tangi.*
- G/I/17. *Bareng wis tangi kabeh padha royokan njahuk adus dhisik.*
- G/I/18. *Kabeh gak ana sing gelem ngalah, akhire sing cilik nangis.*
- G/I/19. *Krungu rame-rame aku grebegen.*
- G/I/20. *Aku melok tangi pisan.*
- G/I/21. *Wis jam enem luwih arek-arek wis siap kabeh, nanging ibu'e sing jik durung mari olehe dandan.*
- G/I/22. *Saking suwene, ngantek arek-arek padha nggremeng.*
- G/I/23. *Apa maneh sing cilik, ngantek nangis kepingin budhal ae.*
- G/I/24. *Jam setengah pitu kabeh budhal karo colt sing tak sewa.*
- G/I/25. *Guk dalam arek-arek padha takon apa ae sing didelok.*
- G/I/26. *Maklum ancene arek-arek arang-arang tak jak nang Surabaya.*
- G/I/27. *Ana [ono] ngarepe lawangan Kebon Binatang arek-arek padha mudhun.*

## Bahasa Indonesia

- Akhirnya saya beri ancaman, "Kalau setengah jam lagi kamu belum tidur, besok kita tidak jadi ke Surabaya, biar gagal tidak jadi apa!"
- Tidak lama kemudian anak-anak tidur.
- Pukul lima pagi anak yang kecil, Ida, sudah bangun.
- Saudara-saudaranya, Agus, Son, dan Rita dipukul-pukulnya supaya bangun.
- Setelah semua bangun, saling berebut ingin mandi.
- Semuanya tidak ada yang mau mengalah, akhirnya, yang kecil menangis.
- Mendengar suara ramai (seperti itu), telinga saya menjadi bising. Saya ikut bangun juga.
- Pukul enam lebih anak-anak sudah siap semua, tetapi ibunya belum selesai.
- Karena terlalu lama, anak-anak sampai saling menggerutu.
- Apalagi yang kecil, (ia) sampai menangis ingin berangkat.
- Pukul 06.30, kami semua berangkat dengan colt yang saya sewa.
- Di jalan anak-anak menanyakan apa saja yang mereka lihat.
- Maklumlah memang anak-anak jarang saya ajak ke Surabaya.
- Tiba di depan pintu kebun binatang anak-anak pun turun.



## Bahasa Jawa

- G/I/28. *Aku langsung tuku karcis.*
- G/I/29. *Karcise murah mek rong atus repes wong siji.*
- G/I/30. *Ana guk njero, arek-arek takok macem-macem.*
- G/I/31. *Ana sing takok gajah, ana sing takok macan, lan ana sing takok iwak lumba-lumba.*
- G/I/32. *Wis kira-kira jam rolas arek-arek padha njaluk mangan, sebab ancene wis waktune mangan.*
- G/I/33. *Wis mari mangan, arek-arek njaluk nang bibikne.*
